No. 50 | 12 December 1930 | Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen . . . | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| ½ „ . . . | f 3,— | |
| 3 woelan . . | f 1,50 | |

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS-COLLEGE DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Tjara ing padoesoenan — Balé agoeng — Keparenga njela atoer — Kabar angin — Njemploeng ing kedoengeing panggaotan — Meisjesonderwijs Wangsoelan dateng Corresponden tieblad no. 11 (Nov. 1930) — Saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

# PRADJA RAHAJOE.

## TJARA ING PADOESOENAN.

Toewoehipoen poenapa ingkang badé koela atoeraken poenika, saloegoenipoen sareng koela mentas maos karanganipoen sad. L. Kapthie ing S. K. no. 13, ingkang ngrembag bab pakempalan pangroekti-laja.

Koela babar pisan boten badé ndébat, namoeng badé mewahi kawontenan ingkang sampoen dipoenalami wonten ing padoesoenan.

Damel pakempalan noentoen sadèrèk padoesoenan poenika satoenggiling padamelan ingkang angèl lan gawat. Soekoer bagé sèwoe déné pakempalan pangroekti laja ing doesoen Koetawringin saged lestantoen, moegi-moegi ndadosa katja benggala. Ing papan ingkang sampoen saé toemraping lajat kasripahan, l.s.p. ingkang boten sarana wonten pakempalan, poenika manawi dipoenwonteni pakempalan saged ngoendoeraken lan mbibrahaken kroekoenaning sadérékan. Atoer koela poenika sanès ngaja-wara, sanès gagasan ladjeng dipoenserat, namoeng loegoe kawontenan. Djalaran sadèrèk ingkang sanès warga, badé toewi nglajat wontenipoen namoeng ladjeng mandeg mangoe; akoe iki wong doedoe.....Poenapa margi dèrèng mangertosipoen dateng pakempalan? Njoemanggakaken! Namoeng kawontenan padoesoenan makaten! Poenapa ladjeng dipoensesorahi pandjang lébar bab pakempalan? Sakersa! Namoeng poma: dèn ènget, seserepanipoen sad. podoesoenan kedah dipoentinting saèstoe. Maos verslag papriksaänipoen Ir. Soekarna c. s. ingkang kawrat ing de Koerier, sareng dawah seksi kantja pakampoengan rak ....' hem! Babar pisan koela boten ngilani bilih kantja pakampoengan bodo!

— o —

Gegadahanipoen tijang padoesoenan ingkang warni tetoewoehan: wit klapa, nangka, doerèn, kloewih, soekoen, pisang, deling etc. Manawi wonten sadèrèk loemebet padoesoenan, saben pakawisan temtoe boten badé lepat, tanemanipoen boten mlèsèt saking nginggil waoe. Nanging manawi kita manggèn ing doesoen lan njatitèkaken swaranipoen tijng doesoen, tetaneman ingkang wohipoen ngemohi, poenika boten temtoe bilih tijang ingkang gadah pémahan boten wenang ngoendoeh wohipoen. Babar pisan boten! Djalaran sampoen loemebet ing pagantosan. Tjara nggantos klapa, deling, soekoen sapitoeroetipoen, manawi koela emataken saèstoe, sadjatosipoen koela poeroen nemtokaken, poenika oegi nakdèrèkipoen lintah darat. Wontenipoen koela matoer makaten djer sampoen ngalami pijambak. Saja doemoegi ngidjo tanem lan taneman sata.

Kang Soeta betah arta f 2,— neda njamboet dateng bok Soera, ingkang kanggé tanggelan wit klapa 1 wit. Limrahipoen patrap makaten poenika namanipoen: toembas séndé. Ing sadangoenipoen kang Soeta dèrèng saged mangsoelaken arta f 2,— dateng bok Soera, ingkang wenang mendeti klapa waoe bok Soera. Klapa saoewit ratjak medal 4 idji ing sawoelan, kasadé kadamel padjeng 4×f 0,04=f 0.16. Dados arta f 2,— ing sawoelan ratjak saremanipoen sampoen f0,16. Jèn ing pagantosan f 2,— ing sawoelan saremanipoen f 0,12. Ingkang kalimrah 2 taoen klapa waoe saweg saged mantoek. Namoeng koela tjaosi priksa mantoekipoen waoe boten kok ladjeng dateng kang Soeta! Lo, kados-poendi? Tijang padoesoenan ingkang sampoen poeroen nggantosaken klapa poenika rak nandakaken sampoen kekirangan sanget. Sagedipoen neboes, kepeksa damel loewangan malih. Njamboet dateng bok Naja f 2,50. Roemaosipoen kang Soeta bati f 0,50 djalaran mentas nampi arta f 2,50 kanggé neboes klapa f 2.— dados taksih tirah f 2,50-f 2—wonten f 0,50. Logies ta! Boten mangertos manawi witipoen dèrèng mantoek. Kanggé bok Naja anggènipoen poeroen njamboeti f 2,50 waoe, amargi soemerep klapanipoen ndados, kabekta nalika dipoen tjepeng bok Soera pangoedoehipoen mawi atoeran, awit tijang bok Soera tijang ketjekapan. Arta f2,50 ing 1 woelan saget netes 6×f0,04— djalaran 1 wit saged ngandapaken 6 idji — f 0,24. Mangga kapétanga woten pinten %?

Makaten sapitoeroetipoen bab toembas séndé: klapa, wit nangka, doerèn, deling, pisang enz. Poenapa poenika boten njelaki dateng tradjang lintah darat. Poenapa ladjeng moepoes: ja bèn ijah; tinimbang disesep lintah ketoe mérah (tjara Pekalongan) oetawa lintah Tiongkok, aloewoeng lintah Djawa pada Djawa!!! Wé, la, tjilèmèt saéstoe lo! Djawi, Tionghoa, Walandi, Arab, manawi nama lintah ndrawasi!!

— o —

Ing onderdistr. Brambanan, wonten satoengiling kamitoewa ingkang pantes sinoedarsana. Anggènipoen ngragadi anakipoen ingkang sami sekolah H.I.S. minggahipoen T. S. mangka langkoeng saking laré 3, poenika boten sanès saking pamedaling kebon ingkang warni wit klapa lan pisang sarta sedah. Arta ingkang medal saking klapa, pisang, sedah ingkang sampoen pinidji kanggé ngragadi sekolah boten dipoenpik-pik. Rentahipoen inggih namoeng kanggé ragad sinaoening anak-anakipoen. Poenika inggih kanjataan sanès dedongèngan. Laré ingkang sami dipoensekolahaken waoe sapoenikanipoen, kadjawi ingkang taksih sami wonten H.I.S. lan T. S. sampoen sami tjemantèl: dados mantri verpleger, goeroe, lan klerk N.I.S. Sinten badé niroe ngambah margi poenika?

Manawi koela ngrembag kawontenan ing padoesoenan, koela ladjeng njampé para prijantoen B. B. djer prijantoen poenika ingkang dados bapa baboenipoen rajat. Mila manawi ingkang wonten nginggil nindakaken ngèlmoe djoeal obral, ingkang wonten ngandap temtoe badé dawah failliet. Ingriki koela matoer noewoen dateng toentoenanipoen ingkang Wedana R. Ng. Mangoenpoeraja ing Gondangwinangoen, Klatèn, déné sanget anggènipoen ngadjengaken tijang alit nanemi pakebonanipoen, ngengèl-engèl tijang negori karang kitri. Menawi wonten tijang negor, oepami wit pakèl 1 wit, tijang waoe kedah ndeder njoelami tjikal gesang 1 wit.

Lésanpoera

Taklim koela
M. J. S. DIBJATJARAKA.

# BALÉ AGOENG.

Toeroenan katrangan toemrap rèngrèngan Balé Agoeng.

*(Sambetipoen Sw. Tm. no. 49).*

Ing sarèhning kawrat bab 2 katamtokaken bilih ingkang kénging katetepaken dados warga limrah poenika tijang djaler kawoelanipoen pradja ing Néderlan, ingkang manggèn ing bawah Indija-Néderlan sarta netepi papatjak-papatjakipoen kawrat bab 2 waoe, wah malih ing bab 1 adeg-adeg 1 toemrapipoen presidèn sepen papatjakipoen ingkang namtokaken bilih presidèn waoe kedah kapilihaken saking tetijang ingkang sanès kawoelanipoen kangdjeng Goepermèn, pramila saged oegi kémawon saoepami bangsa Walandi ingkang kakarsakaken dados presidèn. Ananging kalampahanipoen milih bangsa Walandi kadadosaken presidèn, poenika tamtoenipoen amoeng kepèpèt, liripoen manawi boten saged angsal tetijang bangsa Djawi ingkang anjekapi ing saperloenipoen saoepami kadadosaken presidèn.

Saoepami wonten dredah ing pamanggihipoen para warga, mangka ingkang dredah sami katahipoen, poenika ingkang kanggé wawaton amoetoesi pamanggih ingkang dipoenroedjoeki presidèn, amila anggèning namtokaken katahing warga tjatjah genep, inggih boten noewoehaken pakèwed.

Sanadyan ing pranatan boten kawidjangakèn, éwasamanten mirid soeraosipoen bab 10 adeg-adeg 1, waoe sampoen kaseboet, bilih papatih ing karaton oetawi boepati papatih pantjèn boten kagalih kadadosaken presidèn, amargi ing bab 10, adeg-adeg 1, waoe sampoen kaseboet bilih papatih ing karaton sarta boepati papatih kénging andjenengi parepatan ing Balé Agoeng. Ing mangka katamtoewan ingkang makaten waoe saèstoe boten preloe kawrataken ing pranatanipoen saoepami papatih ing karaton oetawi boepati papatih sami kakarsakaken dados presidèn (oetawi warga limrah).

Toemrapipoen papatih ing karaton, malah wonten saoepami kakarsakaken dados warga oetawi presidènipoen Balé Agoeng, amargi prijagoeng waoe sampoen wenang ndawoehaken pranatan, dados saoepami Balé Agoeng kapoendoetan panimbang, poenika papatih ing karaton saèstoenipoen ladjeng toemoet parepatanipoen Balé Agoeng preloe angrebat bab panimbangipoen ingkang badé loemados.

Toemrap boepati papatih boten wonten pakèwedipoen kadosdéné toemrapipoen papatih ing karaton, amargi djedjeripoen boepati papatih pantjèn béda sanget katimbang papatih ing karaton, oetawi malih boepati papatih boten gadah wewenang adamel pranatan, éwasamanten mirid soeraosipoen bab 10 adeg-adeg 1 kados kaseboet ing nginggil waoe, boepati papatih oegi boten kagalih dadosipoen warga.

*Bab sèkretarisipoen Balé Agoeng.*

Mitoeroet ingkang katarisipoen kawrat bab 13 Balé Agoeng. Adeg-adeg 7: Balé Agoeng kaparingan sèkretaris poenika boten kalebet wiwilanganipoen warga sarta namoeng katamtokaken kedah toemoet saben parepatanipoen Balé Agoeng sarta toemoet nandani serat-serat ingkang kalampahaken saking Balé Agoeng. Mirid saking poenika bangsa Walandi dados saged oegi katetepaken ingkang njekapi tamtoenipoen langkoeng prajogi manawi sèkretaris waoe kapilihaken bangsa Djawi.

Saoepami bangsa Walandi kadadosaken sèkretaris, poenika boten badé anoewoehaken pakèwed kadosdéné manawi bangsa Walandi katetepaken dados warganipoen Balé Agoeng, amargi sèkretaris namoeng doemoenoeng babaoenipoen Balé Agoeng. Sarta boten toemoet noentoeni pandamelan oetawi rembagipoen Balé Agoeng. Déné pandamelanipoen sèkretaris kénging oegi karangkep déning presidèn.

*Blandjanipoen presidèn sarta sèkretaris.*

Mitoeroet ingkang kaseboet bab 14 presidèn sarta garapanipoen Balé Agoeng sami kaparingan blandja botenipoen kaparingan toelah ingkang katah kedikipoen katamtokaken déning para Zelfbestuurde.

Sarèhning ing kawitanipoen pandamelanipoen Balé Agoeng boten patos katah, amila presidèn sarta sèkretaris sakintenipoen boten preloe kablandja katah, sarta pandamelanipoen presidèn oetawi sèkretaris sakintenipoen saged katjekap namoeng kasangkoelaken kémawon mawi kaparingan toelah sapantesipoen.

*Pitoewasipoen manawi toemoet parepatan.*

Para warga saben-saben séba ing parepatanipoen Balé Agoeng, kaparingan pitoewas 5 roepijah, déné warga ingkang gegrija ing sadjawining kita mawi kaparingan waragad lampah toewin pamondokanipoen.

*Bab raad nagari ing Soerakarta kainger dados raad karaton ingkang mligi angrembag prakawis bab karaton.*

Sarèhning prakawis ingkang badé kapoendoetaken pamrajogi oetawi panimbangipoen Balé Agoeng, noenggil kémawon akalijan ingkang samangkénipoen kapoendoetaken pamrajogi oetawi panimbangipoen nagari ing Soerakarta, amila sareng kalijan adegipoen Balé Agoeng, raad nagari kedah kasoewak koewadjibanipoen angatoeri pamrajogi oetawi panimbang kados kaseboet ing nginggil waoe, ananging boten manawi wonten prajoginipoen saoepami raad negari kaingser dados raad karaton ingkang ngrembag prakawis ingkang mligi babagan karaton.

# KEPARENGA NJELA ATOER.

Ing Swara Tama no. 47 ddo. 21 November 1930, karangan ingkang apepoetjoek: „Dradjading randanipoen prijantoen kaoem boeroeh Indonésia."

Saking panjoeraos koela, ingkang dipoenkarsakaken poenika saé; tanda jektinipoen: adjak-adjak ndjagi gesangipoen ing tembé wiugking, samangsa dados randa, lan wonten idam-idamanipoen nggajoeh dateng kamardikaning tanah woetah rah. Ananging manawi maos djlèntrèhipoen, koela kapeksa njoewoen priksa, mbokbilih ndanganaken. Kadosdéné ing oekara:

„.....lan kita ladjeng boten jèn kasebat „mas" oetawi „masadjeng Krama;" kersanipoen kasebat „radèn ajoe Kramaningrat", kados kaprahipoen djaman sapoenika, saben tijang manganggé rasoekan petak....... enz.; mangka sadjatosipoen namoeng si Bawoek."

Menawi poen Bawoek kasebat „*mevrouw*" kados pandjenengan, dados kersanipoen boten? Lo jèn kersa, koela namoeng inggih badé ngoenandika: O, èh tik dojanan temen ta nèh."

La ingkang kaprah kersanipoen kaseboet R. A. poenika, wonten ing poendi-poendi, poenapa ing tanah Kedjawèn oetawi Goepermènan? Djalaran koela poenika wiwit baji doemoegi sapoenika, tansah manggèn ing tanah Goepermènan, nanging dèrèng naté soemerep poen Bawoek ingkang kaprah waoe kersanipoen kasebat mekaten. Jèn namoeng wonten 10, 20, 30, (sawatawis) mangka ing nginggil nganggé tjap „Indonesia, koela ladjeng nganggé tjap „kaprah" poenika koela ketawis jèn roepak (seperti katak didalam tempoeroeng, tempat sesak, dinamai djembar).

Toemrap ing tanah Goepermènan, ingkang sampoen koela soemerepi, poenika mekaten:

Poen Bawoek poenika boten kok ladjeng boten poeroen kasebat „mas" oetawi „masadjeng" lan kersanipoen kasebat „radèn ajoe Kramaningrat" mekaten; nanging tijang alit (sabagéan ageng tijang ndoesoen) lan tijang ingkang dèrèng mangretos, saking andap-asoripoen lan koewatos mbokbilih klintoe, katah ingkang ladjeng adakan njebat „ndara", dèn ngantèn, ndara dèn ngantèn oetawi wonten ingkang ndara dèn ajoe" (mbokmenawi margi saking bodonipoen, namoeng naloeri kémwon: angger sing dadi prijaji ija mesti darahing prijaji; boten ngèngeti jèn djaman sapoenika sampoen boten makaten: senadjan anaké wong tjilik pisan angger pinter ija bisa dadi prijaji).

Menggah pamilihipoen inggih mawi mawang pangkatipoen. Déné ingkang adakan pijambak, njebat „ndara." Menawi Bawoek sami Bawoek, jèn pangkatipoen djadjar, oetawi kaot boten sapintena, inggih boten. Malah senadjan Bawoek kalijan Dèn Ngantèn, jèn pangkat mèh djadjar oetawi sami, oetawi margi sampoen djaroeh (koelina), inggih sampoen katah ingkang ladjeng boten kersa kasebat Dèn Ngantèn, nanging kagantos peprenahan enèm sepoeh (dèk, mbakjoe......). La poenika kabekta saking lampahing djaman; golongan loehoer (darah) katah ingkang ladjeng toemeloeng, sséka praja kalijan golongan andap, badé nggajoeh kamardikaning tanah woetah rah.

Menggah ingkang dados djalaranipoen, tijang alit lan tijang ingkang boten mangretos, njebat „ndara" sasaminipoen waoe, saking gagasan koela, oegi kabekta saking djaman roemijin „prijantoen poenika, teksih darahing loehoer, dados sebatanipoen: „radèn sapanginggil." Sareng djaman sapoenika, Bawoek - Bawoek katah ingkang apangkat, lan oegi ladjeng kasebat prijantoen. Mangka pangkat poenika inggih ngindakaken adji. Éwadéné Bawoek kasebat dèn ajoe, sabagéan ageng kok inggih boten poeroen. Namoeng kasebat ndara pantjèn katah ingkang kèndel kémawon; nanging poenapa inggih nama „kersanipoen mekaten?" Menggah ing raos, kok ladjeng njaketi kalijan raosipoen sebatan „meneer" kanggé ing prijantoen andap, oepami: goeroe - goeroe Djawi. Ing ngrikoe kraos boten dos-poendi-dos-poendi, mila boten badé ndamel mongkog. Namoeng kanggé wiwitan raosipoen sebatan „ndara" waoe, saged oegi sami kalijan raosipoen pijambak, oepami pandjenengan midanget tijang raosan mekaten: É é, alah, Mevr. Atma kaé, ingatasé prijaji poetri kok pinter temen ngarang: bok anakkoe bésoek bisaa ketoelaran."

Déné bab mendem sebatan, pangkat oetawi banda, poenika temtoe wontenipoen; boten namoeng djaman sapoenika kémawon, senadjan djaman roemijin oegi mekaten, awit poenika namoeng doemoenoeng wonten ing raosing sanès. (Djagad poenika, awon, saé lan mrodjol saking kalimrahan, temtoe wonten kémawon, lan tijang poenika merdika). Nanging boten kok ladjeng nganggé temboeng „kaprahipoen" oetawi „kita." Awit pandjenengan mindak ladjeng katoet.

Ing oekara „Rikala kita teksih gesang sesarengan kalijan garwa kita ing alam donja enz....... doemoegi „saged toembas katen lan katen." Ing ngriki toembas barang mas inten, siti, grija, rak inggih katoet ta? Dados gesangipoen nama saé.

„Dangoe - dangoe ladjeng mendem." Poenapa temtoe poenika, kok ladjeng saged kesesa ngagem temboeng, „mendem" boten mawi djanggelan? É, la, kodjoer ané, sing dianggo „hoofdrol" teka si Bawoek; toer toekang mendem.

Sapoenika poen Bawoek rak saged ngoenandika makaten: „Ijak, adjak-adjak ngremboeg olèhé nggajoeh kamardikan, djeboelané malah ngrendetaké, awit oepama karangan maoe dilahiraké ana ing parepatané si Bawoek - Bawoek, mangka sing nglairaké ikoe sing ngarang, toer dadi voorzittering koempoelan maoe, sing mesti lid - lidé malah pada metoe pisan, karo ngapalaké: *É, jèn P.P.I.I. njoewoen: weduwen - pènsioen menjang Regeering, voorzitteré Bawoek tjotjog, nanging jèn sing njoewoen si Bawoek-Bawoek, voorzitteré noeli mèsem karo ngepring dljomplang.*

Sampoen semanten kémawon roemijin.

Koela poen:
*Bawoek Aliminiëm.*

# KABAR ANGIN.

Koela mireng kabar sriwing² bilih ing satoenggaling panggénan, wonten satoenggaling pakempalan K. W. ingkang ragi gerah. Nanging temtoenipoen para promotoripoen P. K. W. inggih sampoen pirsa, anèh jèn botena pirsa. Rèhning djamanipoen djaman coöperatie (kadjeng koela njamboet damel sesarengan) mila bok inggih sami kersaa énggal lilih, gèk tjak-tjek. poendi ingkang kénging kaasta roemijin, mangga ladjeng dipoen-gotong-rojom.

# KABAR SAKING PAKEMPALAN.

**Parepatan warga K. W. nalika tanggal 7 Dec. 1930 wonten ing Partawardajan Sikenong, Klatèn.**

I. Parepatan kabikak djam $^1/_2$ 11. Ingkang sami rawoeh kedjawi para Pangrèh lan warga, wakil pamaréntah, poenapa déné tamoe 3, ingkang 2 ladjeng mlebet dados warga: 1. Sadèrèk Iskak goeroe Standaardschool Wedi. 2. Sadèrèk Warisman saking Klatèn.

II. Maos pèngetan parepatan ingkang sampoen kapengker pinanggih absah.

III. Maos Jaarverslag. Kawontenaning arta wonten gèsèh sekedik ladjeng kaleresaken. Agèn R. W. boten saged rawoeh margi kepambeng, mila kaandaraken déning sadèrèk Soedarma, kawontenanipoen saé, déné warganipoen mindak. Pangrèh P. L. boten rawoeh, wonten alangan, gadah kasagahan béndjing manawi parepatan malih badé katoeraken.

IV. Pilihan pangrèh énggal.

1. Sadèrèk Sastrawardaja Pangarsa. 2. Sadèrèk Martawihardja Moeda pangarsa. 3. Sadèrèk Partawardaja Panitra. 4. Sadèrèk Sastrawinata Hartaka. 5. Sadèrèk Soedarma 6. Sadèrèk Kirtoemadi 7. Sadèrèk Soetadi sami djoeroe noepiksa.

V. Ngrembag laré ingkang badé ndèrèk Mis béndjing 25 December. Para prijantoen goeroe katarik f 1,25. Para warga sanèsipoen + igoehing arta kapasrahaken dateng Pangrèh.

VI. Prakawis oesoel-oesoel sampoen kawangsoelan poenapa samestinipoen.

VII. Spaarclub K. W. badé karembag kalijan Commissie.

VIII. Maos serat saking Comitee Pasaréjan Pastoor Hoevenaars Soerakarta. Poetoesan K. W. Klatèn ngawontenaken Comitee. Ingkang dados Comitee: 1. Sadèrèk Padmawinata. 2. Sadèrèk Dwidjahandaja. 3. Sadèrèk Darmawardaja.

IX. Maos serat saking P. K. W. ingkang soeraosipoen soepados ngrembag Statuten Stichting „Trijasa". K. W. Klatèn sampoen moepakat kalijan penggalihipoen P. K. W. Statuten waoe badé kapertal Djawi lan badé kaedoemaken dateng para warga. Djam 1 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Kawontenanipoen pakempalan K. W. ing salebetipoen taoen 1930.

I. Ingkang ngasta Pangrèh ing wiwitaning taoen.

1. Hr. Sastrawerdaja Pangarsa. 2. Hr. Poedjamijata Panitra. 3. Hr. Sastrawinata Hartaka. 4. Hr. Partawardaja. 5. Hr. Adisoebrata. 6. Hr. Sastradinama sami djoeroe noepiksa.

II. Ing poengkasaning taoen.

1. Hr. Sastrawardaja Pangarsa. 2. Hr. Partawardaja Panitra. 3. Hr. Sastrawinata Hartaka. 4. Hr. Kirtoemadi. 5. Hr. Sastradinama sami djoeroe noepiksa.

III. K. W. sampoen damel parepatan pangrèh kaping 5, parepatan warga 4.

IV. Tjatjahing warga wiwitaning taoen 42, ingkang mlebet 10, medal 6, dados poengkasaning taoen wonten warga 46.

V. Wohing K. W.

1. Ngwontenaken Commissie tata-tjara Katholiek. 2. Ngwontenaken pepanggihan nalika sadèrèk Secretaris pindah. 3. Oeroen ragad nalika dateng Gandjoeran mberkahi tjandi. 4. Ngragadi laré-laré ingkang ndèrèk Mis Decemberan. 5. Dana dateng Ggrédja Samaitan f 2,50 + f 1,70. 6. Ngwontenaken Spaarclub.

Secretaris K. W.

**P. P. K. D. Solo lan Herordeningsplan.**

Motie.

Ledenvergadering P. P. K. D. afd. Solo pada tanggal 30 November 1930 bertempat di vergaderzaal Katholieke school Muloweg Koesoemajoedan Soerakarta. Setelah mendengarkan pembitjaraan-pembitjaraan hal Herordeningsplan L. O.;

Menimbang: I. Bahasa Herordeningsplan L. O. itoe soeatoe perkara jang amat penting, sebab itoe tidak selajaknja, kalau diremboeg dan akan didjalankan dengan tergesa-gesa.

II. Maksoed Herordeningsplan akan memoedahkan penjerahan onderwijs kepada Locale Raden, dapat mengambil djalan lain dari pada Herordeningsplan jang membawa keroegian onderwijs di Indonesia itoe. Pada hal Locale Raden itoe pada masa ini sama sekali beloem boleh dipertjaja mengerdjakan pekerdjaan jang sepenting ini.

III. Soepaja anak-anak Indonesia dapat kelapangan pengadjaran bahasa Belanda. Hal ini tiada setimbang dengan keroegian lain-lainnja jang akan diterimanja,

IV. Meringkas matjam sekolah dengan tjara Herordeningsplan itoe, membawa keroegian jang terlaloe besar sekali.

V. Menjempoernakan H.I.S. dengan selectie setjara Herordeningsplan itoe tidak njata dan tidak baik.

VI. Herordeningsplan itoe membawa keriboetan; ta' hanja tentang doenia onderwijs sahadja tetapi djoega doenia orang toea.

Memoetoeskan: a. Tidak moefakat dengan Herordeningsplan itoe.

b. Menjampaikan motie ini kepada H. B. P.P.K.D. dan mengoemoemkan kepada pers.

**B. O. Mataram lan Balé Agoeng.**

*Saking pangrèh B.O. Mataram, ddo. 6-12-'30, redaksi pikantoek „Soerat terboeka" kados ing ngandap poenika:*

Kepada pendoedoek di Vorstenlanden, teroetama anggota dari perkoempoelan Boedi-Oetomo, dan perkoempoelan-perkoempoelan jang telah mengirimkan wakilnja dalam rapat oemoem Boedi Oetomo afdeeling Jogjakarta pada 7 September 1030.

**Salam dan bahagia.**

Dengan ini kami Bestuur dari perkoempoelan Boedi-Oetomo afd. Jogjakarta memakloemkan seperti berikoet:

Kami telah membatja rantjangan atoeran Bale-Agoeng beserta keterangan, jang telah disiarkan kepada pers, jang sangat tidak memadaï dengan maksoednja motie jang telah diambil dalam rapat oemoem Boedi-Oetomo afd. Jogjakarta pada tanggal 7 September 1930.

Dan lagi kami djoega telah mengetahoei poetoesan rapat oemoem jang diadakan oleh perhimpoenan Boedi-Oetomo afd. Soerakarta, Klaten, Wonogiri dan Sragen, dan perkoempoelan-perkoempoelan P. P. K. D. dan P. K. C. di Soerakara pada tanggal 11 — 12 November 1930, jang menolak ontwerp atoeran Bale-Agoeng dari jang wadjib terseboet.

Maka dengan djalan ini kami menerangkan, bahwa perkoempoelan B. O. afd. Jogjakarta merasa tidak perloe mengadakan rapat oemoem lagi boeat membitjarakan hal Bale Agoeng, karena dalam rapat oemoem jang soedah (7 September 1930) hal itoe soedah dibitjarakan sampai tjoekoep, dan Boedi-Oetomo afd. Jogjakarta tetap ta'loek kepada motie jang diambilnja dalam rapat oemoem itoe, sebagaimana telah diatoerkan kehadapan jang berwadjib dan disiarkan kepada pers.

Atas nama perkoempoelan
Boedi-Oetomo afd. Jogjakarta
Pemoeka
*R. T. Nitinegoro.*

Djoeroe soerat
*R. Brotokéesowo.*

Jogjakarta 22 November '30.

Rèhning K. W. inggih dados tetangsoeling sedaja pakempalanipoen para sedèrèk Katholiek, mila éman sanget oepami gerahipoen boten énggal-énggal dipoensoentikaken. Mangka poenika mèh December mèh toetoepan taoen, mangké gèk dèrèng wonten ingkang kalebetaken ing jaarverslag. Poenapa ing jaarverslag dipoenisèni moelai boelan Juni sampai December, of kira-kira $^1/_2$ taoen, K. W. tjabang sini . . . kalang-kaboet . . . . Lo, kok anèh.

Mila pantjèn mekaten kok. Sedaja barang poenika menawi kaempakaken manoet kanggénipoen lan kinantèn penggalih bening, pantjèn saé. Jèn klintoe, wah, mbebejani. Oepami: arit pangaritan jèn kanggé ngarit roempoet, pantjèn samestinipoen. Ning jèn kanggé mbatjok tijang, lah . . . . ndrawasi. Samanten oegi pangkat, dradjat, semat, tékad, nijat, 'adat (sarak). Géné memalanipoen kados salong sampoen itjal.

Mangga para bestuur, kados-poendi akal pandjenengan.

Bintang timoer
HOEROEBISMA.

# ECONOMIE.

**Njemploeng ing kedoenging Panggaotan.**

(Kanaal) oet. *Soesoekan.*

Roeslan sampoen koela andaraken, sapoenika kanaal. Sedaja sami pirsa jèn kanaal poenika wosipoen namoeng kanggé ngrigenaken panggaotan. Mila sampoen leresipoen jèn karembag ing rubriek ngriki.

Ingkang preloe karembag: Suez lan Panama.

*Suez* kanaal, Egypte, kabikak taoen 1869, pandjangipoen 162 K.M. oetawi 108 paal, lebetipoen 10-13 M., wijaripoen 45 — 60 M., wragad damelipoen telas 240.000.000 roepijah.

*Panama* kanaal, Amerika, kabikak taoen 1914, pandjangipoen 81 K.M. oetawi 54 paal, lebetipoen 14 M., wijaripoen 91 M., wragadipoen damel telas 900.000.000 roepijah.

Bab goenanipoen:

Suez, kanggé njambet Azia — Europa. Panama, kanggé njambet samodra Atlantik lan Pasifik, oetawi kanggé njelakaken U. S. A. kalijan Filippina (ngrikataken lampahing bala laoetan New York — Manilla via Honoloeloe).

**Pènget.** Ingkang ngoebengi tanah Afrika ingkang sapisanan dédé Vasco di Gama (1492), nanging tijang-tijang Phoenecie djaman praboe Necho, taoen 600 *sadèrèngipoen* Goesti Jésoes mijos, (katjoendoekna kalijan kaart-ipoen Hérodotus).

—: mandrawa :—

lan sapoenika wonten raosan badé damel kanaal malih, margi kamanah Panamakanaal kirang njekapi. Rantjanganipoen badé damel kanaal nradjang répoeblik Nikaragoewa, 300 Kilo méter pandjangipoen (Panama 81 K. M!) lan karantjang 750.000.000 roepijah wragadipoen (Panama: 900.000.000 roepijah).

Sebabipoen:

boten kok badé ngedjori Panamakanaal,

nanging njedijani mbokbilih Panamakanaal kirang njekapi, lan njedijani samangsa Panamakanaal djoegroeg lsp. — — (mekaten poenika tjarijosipoen Oom Sam).

Sebabipoen Oom Sam poeroen, margi ngémoeti jèn labetipoen dateng Nikaragoewa sampoen katah, dados jèn ngempèk neda papan satjengkang kanggé kanaal temtoenipoen angsal. Toer, présidènipoen sapoenika poenika sagedipoen lenggah dampar présidèn oegi katjengkal ing bajonèt. . . U. S. A. Dados temtoenipoen ngertos pijambak.

—: mandrawa :—

400 taoen kepengker, kaptin Sepanjol nama Diégo Machua (ma-tjoe-a) sampoen niti priksa sagedipoen ngoeras tlaga Nikaragoewa dateng laoetan Atlantik, lan kala samanten tlaga waoe kanamakaken Nicaro, tanah sakiwa-tengenipoen ladjeng aran Nicaragua. Taoen 1779 nata ing Sepanjol oetoesan Manuel Galéastro kanti bala djangkep, ndikakaken niti priksa sagedipoen nggandèng samodra Atlantik lan Pasifik.

Nanging plapoeran ingkang loemadi sanget damel gela, mergi Galéastro pretéla, jèn letipoen inggiling toja kekatahen. Tlaga lan laoetan letipoen inggilipoen wonten 50 M! Nanging tijang Inggris ingkang toemoet oetoesan waoe gadah pemanggih: bilih damel kanaal Nikaragoewa poenika terang saged. Bab ada damel kanaal ing Nikaragoewa ladjeng woeroeng, toer kesaroe perangipoen Sepanjol lan Inggris.

Nikaragoewa dipoenbroki Inggris, margi kala samanten Sepanjol kawon. Nanging bala ingkang nengga Nikaragoewa toempes, Inggris ladjeng nilar Nikaragoewa, ingkang hawanipoen nelas-nelasaken njawa.

Lah, sapoenika Oom Sam badé nandangi!

—: mandrawa :—

Oom Sam boten saranta, kintoen para ahli dateng Nikaragoewa (Maart 1929, bakda angsal idin saking Présidèn Nikaragoewa).

Plapoeran saking para ahli waoe oengelipoen: tanahipoen bleg wana — kebak lemoet lan kéwan ingkang moetawatosi — hawa awon — lan saged oegi kebak doerdjana (tijang-tijang ingkang boten roedjoek kalijan pamaréntah Nikaragoewa sapoenika).

Kala woelan October 1929 bab rantjangan damel kanaal sampoen wiwit kaajatan, lan betah wekdal 2 taoen. Bakda kalih taoen badé saged soeka gambar-gambar dalah wragadipoen.

—: mandrawa :—

Amérika Sarékat anggènipoen ndèdèki Nikaragoewa poenika sampoen dangoe. Mila doemoegi sapoenika bala U. S. A. taksih njengkloek wonten Nikaragoewa nengga tentreming pradja ngrikoe boten lija inggih namoeng . . . ngempèk-empèk manah, soepados sedyanipoen damel kanaal sampoen ngantos bedo.

Amargi, kanaal Nikaragoewa ingkang tjrijosipoen namoeng kanggé sèrep Panamakanaal, poenika boten lija namoeng kanggé saja ngrikataken lampahing Vloot New York dateng . . . Honoloeloe (vlootbasis). Ingkang saking ngrikoe saged dateng Filippina lan saged dateng Australia (Australia wonten ing kalangan poelitik kaawrataken tinimbang Filippina).


## VAN LITH-STICHTING

Poenapa woelan poenika

pandjenengan sampoen

ngintoenaken

CONTRIBUTIE

kanggé

Van Lith-Stichting?

**Penningmeester V. L. S.**

p/a 2e. Convict

Moentilan N. I. S.


Dados babadipoen kanaal Nikaragoewa poenika ing semoe raosipoen sami kalijan babadipoen . . . mergi sepoer trans Sibérië (mirsanana Swaratama no. 46 koleman V, ktj. 1).

—: mandrawa :—

Tandanipoen jèn U.S.A. sampoen dangoe anggènipoen ndèdèki Nikaragoewa poenika: kala taoen 1850 sampoen kéngkénan koernèl Childs mriksa. Ladjeng taoen 1872, 1885 lan 1895 dipoensoesoeli malih. Th. 1901 malah sampoen wonten rantjangan dalah pétangan badé wragadipoen, manoet plapoeranipoen amral Walker, ingkang nginten tjekap kasedijanan arta 190.000.000 dolar. (Rantjangan sapoenika 300.000.000 dollar).

Kanaal poenika jèn èstoe kelampahan badé kawiwitan saking Greytown (San Juan del Norte) teroes noengsoeng oeroet lèpèn San Juan 100 paal pandjangipoen, ladjeng nrabas tlaga Nikaragoewa 80 paal, saking ngrikoe doemoegi saganten Pasifik kantoen 20 paal, kaangkah poengkasanipoen dawah kita Brito.

Sapoenika tlaga lan laoetan Pasifik sampoen kagandèng sarana margi sepoer.

Déné loemahing toja tlaga lan seganten kaotipoen 33 M. (Boten 134 kaki kados plapoeranipoen oetoesan Sepanjol).

Dados ingriki systeemipoen oegi kedah mawi gedjlig kados soesoekan Panama, boten loegoe kados Suez.

Kaangkah sedaja badé nganggé gedjlig 8: 4 sisih wétan tlaga, 4 kilèn tlaga.

—: mandrawa :—

Nanging inggih katah ingkang mabeni menawi soesoekan medal Nikaragoewa poenika boten perloe, mergi Panama kanaal taksih njekapi, apes taksih njekapi kanggé kabetahan ing salebetipoen 50 taoen, langkoeng malih jèn gedjliganipoen dipoenwewahi (rantjangan wragad 125.000.000 roepijah), boten badé soek-soekan kanggé margi baita.

Toer mawi kapabenan malih saja dangoe temtoe saja katah kekésahan lan kintoen barang medal awang-awang, mila boten perloe kasesa prakawis jasa soesoekan énggal.

**Wewahan sawatawis:**

Pamedalipoen kanaal Suez.
6 woelan (Jan. — Juni) 1930 poenika 544.309.000 franc, 6 woelan 1929: 565.919.000 franc.

Ing riki tjeta jèn kanaal poenika sanès barang pedjah, nanging medal kasilipoen boten béda kalijan pabrik, margi sepoer lss. dados nama: panggaotan.

Makaten oegi Panamakanaal, ingkang doemoegi sapoenika $7^1/_2\%$-ning pawitan sampoen mantoek (jèn mawi dolar, kapétang wragadipoen telas 375 dolar). Antoekipoen pawitan poenika boten nggepok dividend lss.

Dados damel kanaal poenika sami kalijan ada-ada damel toko, pabrik oetawi sanèsipoen ingkang ndjangka pados oentoeng. Milanipoen namanipoen compagni;

Compagnie du Canal de Panama,
Canal de Suez.

Lo, kok namanipoen tjara Prasman? Mila inggih makaten. Awit kanaal kalih waoe ingkang ada-ada tijang (piroekoenan) Perantjis.

Nanging kala samanten dèrèng ngantos rampoeng, Canal de Panama bangkroet, (pangarsanipoen de Lesseps) kasadé dateng U. S. A.

U. S. A. poeroen, ladjeng nilar plan-ipoen Nikaragoewa. Lah sapoenika Panamakanaal sampoen saé, kepéngin ngajati damel malih!

Poenapa plan-Nikaragoewa poenika èstoe kelampahan? Kita dèrèng saged matoer.

*Andaja.*

# ONDERWIJS.

**MEISJESONDERWIJS!!**

Para sadèrèk!

Kita sadaja temtoe mangertos kanti terang, sapinten kaperloeaning laré èstri dipoensekolahaken? Kita sadaja temtoe mangertos oegi bilih ing wekdal samangké tjatjahipoen laré èstri ingkang sekolah teksih sakedik sanget. Menggah sebab-sebabipoen warni-warni! Satoenggiling sebab ingkang ageng, satoenggiling sebab ingkang mélok i. p. wontenipoen tatanan sekolahan tjampoeran Coëducatiestelsel) poenika boten dipoentjotjogi déning bangsa kita. Poeroenipoen njekolahaken anakipoen èstri waoe namoeng margi kabekta saking soemoebing hawa djaman madjeng!

Koela tjotjog kalijan pamanggihipoen Ir. E.A. van Aschen ingkang nerangaken bilih katah tijang sepoeh ingkang boten poeroen njekolahaken anakipoen èstri, djer ingkang moelang goeroe djaler; makaten tjoeplikaning seratipoen Ir. E. A van Aschen kasboet nginggil katandan Juni 1921 ingkang dateng Redactie *„Onze Missiën in Oost en West Indië."*

Sardjana kasboet nginggil sampoen lami wonten ing tn. Indonesia; saha sampoen lami anggènipoen matitisaken prakawis$^2$ ingkang gegajoetan kalijan *„Meisjesonderwijs"*

Para sadèrèk!!

Nitik poenika kita mangertos, bilih ra'jat Indonesia neda *„Meisjesonderwijs"* ra'jat kita neda *sekolahan ingkang mligi kanggé laré èstri,* ra'jat kita boten seneng dateng *„Coëducatiestelsel"* Bilih wontenipoen *Coëducatiestelsel* ing wekdal mangké ndjalari saweg sakedik sanget laré$^2$ èstri Indonesia ingkang sinaoe wonten ing pamoelangan tengahan lan pamoelangan inggil!

Kawontenan ingkang kita sadaja temtoe ngakeni!!

Pamoelangan tjampoeran kirang dipoensenengi déning ra'jat Indonesia! Bangsa kita neda wontenipoen sekolahan pepisahan; sekolahan mligi; laré djaler kempal laré djaler: laré èstri kempal laré èstri!!

Pamoelangan$^2$ ingkang kanggé laré èstri, kawoelang ing goeroe èstri saweg sakedik sanget tjatjahipoen. Mangka poenika sampoen kabantoe déning: Pakempalan: oep: Kartinischolen — Van Deventer Scholen Christelijke en Katholieke meisjesscholen l.s.p. Gèk sapinten tjatjahipoen manawi poenika boten wonten; tentoe saja sakedik sanget!!

Pakempalan$^2$ kasboet nginggil ing wekdal mangké sapérangan ageng saweg saged mitoeloengi laré-laré èstri anakipoen tijang kasaid, ingkang saged mbajari awis kanggé ragad-ragading sinaoenipoen!

Sapoenika anakipoen bangsa kaoem Krama ingkang tjatjahipoen atoesan èwon poenika kados-poendi? Poenapa dipoenkèndelaken kémawon? Mangka mitoeloengi laré-larè waoe, pambijantoe ingkang ageng sanget kanggé kaperloeaning pendidikan anak-anak Indonesia ingkang majoeta-joeta tjatjahipoen poenika.

Sekolahan tjampoeran kirang dipoensenengi déning bangsa kita!

Bangsa kita ngadjengaken sekolahan mligi kanggé laré èstri lan mligi kanggé laré djaler!

Kg. Pamaréntah inggih ngakeni leresing rembag poenika!

Negari inggih gadah pamoelangan ingkang mligi kanggé laré èstri! Wontenipoen meisjesvervolgscholen poenika satoenggiling boekti; wontenipoen pamoelangan$^2$ waoe katampi déning ra'jat Indonesia kanti senenging manah; katanda pamoelangan-pamoelangan waoe tjatjahing moerid njenengaken sanget!

Moeridipoen meisjesvervolgscholen kagoenganipoen negari poenika asalipoen saking laré$^2$ èstri pamoelangan negari ingkang sampoen tammat klas III, ladjeng ngalih dateng vervolgschool. Dados sekolahan tjampoeran kagoenganipoen negari poenika kados déné onderbouw kanggénipoen meisjesvervolgschool waoe.

Pamoelangan èstri andap kanggé particulier inggih dèrèng patos katah!

Wontenipoen tatanan meisjesvervolgschool. poenika kanggénipoen pakempalan kirang paédah; djalaran kanggé ing satoenggiling papan mekaten ratjakipoen pakempalan boten nggadahi onderbouw (gemengde Standaardscholen ingkang njekapi. Dados particulier perloe gadah onderbouw pijambak! Onderbouw ingkang kados-poendi? Onderbouw kados pamoelanganipoen negari? Onderbouw tjampoeran? Kénging! Jèn badé damel onderbouw ingkang mligi kanggé laré èstri, namoeng kaparengaken jasa Volkschool . . . . . pamoelangan doesoen).

Onderbouw pamoelangan doesoen mekaten, adamel pitoena kanggé particulier, damel pitoena toemraping oeroesan arta lan damel pitoena toemraping onderwijs! Damel pitoena toemraping arta, djalaran pakempalan namoeng tampi subsidie saking negari sapéranganing blandjanipoen goeroe-goeroe, déné kanggé bouw lan inrichting pakempalan kedah nganggé pijambak. Mesakaken!!!!!!!!

Déné pitoena kanggé onderwijsipoen, djalaran volkschool makaten ing goeroe doesoen, ingkang katjakepaning pamoelangan kirang jèn katanding kalijan goeroe-goeroe wedalan N.S. oet. K.S. lan ing practijk pamoelangan kados makaten temtoe boten dipoenaosi, langkoeng-langkoeng ing panggénan ingkang ageng-ageng.

Mila kados sampoen samestinipoen, bilih kanggé kaperloeaning meisjesoderwijs, kanggé noeloengi laré-laré èstri anakipoen kaoem Krama pakempalan Melania ngatoeraken panjoewoenan dateng nagari katitimangsan October 1929 katandan Njonjah Hoogvelt van Kleef (voorzitster) lan njonjah J. Hatting van Emden (secretaresse) njoewoen éwahing pranatan-pranatan kanggé pamoelangan èstri andap ing kita ingkang ageng-ageng, kaparenga jasa 6 jonge meisjesschool; mawi subsidieregeling kados standaardscholen. Dados njoewoen soepados dipoenparengaken jasa 6 jarige meisjesschool; subsidie kaatoer tjara standaardschool, dados boten kados tatanan énggal mangké; vervolgschool (bovenbouw) mawi subsidie djangkep inggih kanggé goeroe, bouw lan inrichtingipoen pisan; déné kanggé onderbouw (volkschool) namoeng angsal subsidie sapéranganing blandjaning goeroe kémawon.

Manoet pengalaman 6 jarige meisjesschool makaten waoe boeahipoen njenengaken sanget.

Reqeust-ipoen pakempalan melania waoe tampi wangsoelan saking negari, wosipoen kanti tjekak aos, negari boten saged maringi poenapa ingkang dados panjoewoenipoen pakempalan Melania waoe; namoeng maringi pradjandjian, kanggé bijzondere plaatselijke omstandigheden (oepami tijangipoen ingrikoe sanget boten ngadjengi dateng pamoelangan tjampoeran Tr.) poenika saweg kaparengaken jasa pamoelangan èstri kados kasboet nginggil!

Sajang soenggoeh!

Dados kanggé particulier, boten saged „dengan leloeasa" anggènipoen badé ndjembaraken pamoelangan èstri, kanggé noeloengi anakipoen kaoem Krama poenika!! Mangka mitoeloengi laré-laré èstri poenika waoe, pambijantoe ingkang ageng sanget kanggé pandidikaning anak-anak Indonesia ingkang majoeta-joeta tjatjahipoen; pambijantoe ingkang ageng sanget kanggé kamadjenganing ra'jat Indonesia!

Pamoelangan èstri ing tn. Indonesia inggih (particulier inggih ingkang kagoenganipoen negari) boten njekapi, kanggé laré-laré èstri Indonesia saweg sakedik sanget, ndjalari ing wekdal mangké saweg sakedik „SANGET" tjatjahipoen laré$^2$ èstri ingkang neroesaken pasinaonipoen dateng pamoelangan inggil lan tengahan!

Coëducatiestetsel boten dipoen adjengi ing ra'jat kita!

**M. v. BIENE.**



Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
**moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

**Pembatja**
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
**dapat POTONGAN.**

## BYTA

Inggih poenika barang tjoewèr, pirantos kanggé ngitjali tjèt, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp.
Oegi kénging kanggé ngresiki djobin marmer, djobin semèn lan djobin tégel.
Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoenkoembah.
**Saben 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35.**
**Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta mawi toetoep sekroep, netto 125 K. G., ing 1 K. G. mipoen . . . . . . . . f 0,30.**
**Oeliran kanggé drum waoe saben 1 f 1.—**

**Verffabriek R. B. FRIELING.**
GONDHOMANAN 80 DJOKJA.

Boeat toean poenja

**Recept**

ERCEE

APOTHEKEN
**Rathkamp & Co**
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
**Toko DJOEN & Co.**

TOKO BARANG-BARANG
H. SPIEGEL — Djokja.

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

:-: AGENT :-:
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

**Speda-speda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

**Ada sedia djoega speda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.
Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

**PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.**
**Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimi keterangan dengan pertjoema.**

Mengharap pesenan:
**Rijwielhandel, Reparatie-inrichting dan Smederij:**
**WIRJOSOESENA**
LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.


barang-barang porselin damelan Tionghoa djaman kina sarta ± à 3000 idji arta Tionghoa kina.

Tétéla bilih ing Malang taksih katah barang-barang kina ingkang kependem.

### Badé damel onar?

Akiripoen woelan Oktober, mantri poelisi *ing Kediri* mangertos bilih katahing tijang ingkang soedjarah dateng pakoeboeranipoen kadji Sléman ingkang pedjahipoen sampoen 35 taoen, saja mindak. Manoet paniti priksa tetijang waoe sami saking sakiwa tengenipoen Kediri, Blitar lan Toeloengagoeng sarta Tjampoerdarat. Manawi boten ladjeng kadengangan masti badé saja katah tijang ingkang mrikoe, ing wasana saged noewoehaken kawontenan boten saé margi sami kèngetan aksi ingkang roemijin: neda soewaking paos lan ngoengsir para koelit petak.

Katah tijang ingkang kaoeroes poelisi.

*(Soer.Handelsbl.)*

### Lotré ageng, prijs f 100.

*Prijs* **f 100.** *dawah nomer:*

| | | | |
|---|---|---|---|
| 164152 | 149601 | 42435 | 59386 |
| 155529 | 92365 | 123938 | 184471 |
| 126925 | 20336 | 173284 | 64679 |
| 166849 | 129800 | 72187 | 152434 |
| 87707 | 154601 | 96244 | 55861 |
| 41874 | 191852 | 74723 | 18765 |
| 155100 | 150631 | 121008 | 141569 |
| 123570 | 11473 | 116173 | 145961 |
| 145578 | 60547 | 126481 | 78416 |
| 101177 | 21102 | 129533 | 56970 |
| 55458 | 53448 | 88217 | 58806 |
| 100717 | 58470 | 42205 | 53242 |
| 119722 | 66379 | 112947 | 110775 |
| 53682 | 195499 | 183450 | 194397 |
| 28975 | 63480 | 110393 | 11877 |
| 89197 | 122721 | 95385 | 108244 |
| 184295 | 76138 | 54195 | 11894 |
| 136558 | 18534 | 44169 | 159072 |
| 18007 | 157175 | 181891 | 159611 |
| 33125 | 75491 | 112013 | 126227 |
| 186386 | 26056 | 116112 | 136022 |
| 79965 | 57838 | 139849 | 11861 |
| 113147 | 10245 | 128251 | 77293 |
| 163050 | 13806 | 47659 | 111959 |
| 43732 | 134167 | 18409 | 48814 |
| 152350 | 99797 | 60935 | 112463 |
| 94724 | 84645 | 44815 | 2753 |
| 94606 | 41582 | 15326 | 156226 |
| 170796 | 128867 | 118307 | 51687 |
| 79289 | 135350 | 193420 | 3549 |
| 189999 | 197211 | 48636 | 40149 |
| 166914 | 2551 | 128703 | 150310 |
| 44314 | 162098 | 6162 | 175549 |
| 132651 | 175376 | 102225 | 169601 |
| 151972 | 44250 | 141278 | 12490 |
| 95747 | 196311 | 93643 | 173235 |
| 74130 | 143348 | 156925 | 32740 |
| 191478 | 130876 | 101115 | 158312 |
| 31966 | 74330 | 137578 | 29931 |
| 172913 | 53606 | 106624 | 168251 |
| 61753 | 155656 | 104041 | 117812 |
| 19446 | 43283 | 174667 | 55829 |
| 69974 | 160745 | 181993 | 19272 |
| 192089 | 94610 | 193874 | 45199 |
| 81543 | 19537 | 22150 | 146337 |
| 118102 | 84312 | 148645 | 8511 |
| 155750 | 24015 | 70958 | 33034 |
| 173905 | 170088 | 186333 | 5098 |
| 42148 | 130069 | 38671 | 193570 |
| 10247 | 118338 | 38207 | |

### Dienst énggal.

Wiwit 17 Nov. '30 ing Bandoeng wonten kantor énggal nama Kantoor voor de Nijverheid voorlichtingsdienst ing Kebonkawoengweg no. 44. Ingkang dados koekoebanipoen: Priangan Kilèn, Priangan Wétan, Cheribon. Perloenipoen kantor poenika: soeka rembag lan katrangan tanpa mawi prabéja, babagan panggaotan, lss. Kantor waoe toemoet wonten departement Landbouw Nijverheid en Handel. Soepados langkoeng terang, departement waoe gadah pérangan gangsal:

1. Texielinrichting, ngadjengaken tenoenan, doemoenoeng ing Bandoeng; 2. Keramisch Laboratorium, ngadjengaken damel gendèng, tèmbok, djoebin lss., doemoenoeng ing Bandoeng; 3. Batik-proefstation, kanggé ngadjengaken seratan, doemoenoeng ing Ngajodja. 4. Leerlooiery, babagan anggodog koelit, doemoenoeng ing Bogor. 5. Buitendienst, kanggé ngadjengaken poenapa-poenapa ingkang dèrèng kalebet ing no. 1 — 4.

Déné kantor énggal ing Bandoeng waoe dados koekoebanipoen Buitendienst.

Katjarijos kantor waoe dipoenpasrahaken tijang Soenda anama Soetadinata. Inggih saweg sapoenika wonten Indonesiër dipoenpasrahi pandamelan awrat makaten. Toemrap tijang ingkang sampoen katelasan akal ngadjengaken panggaotanipoen, prajoginipoen neda katrangan dateng kantor énggal ing Bandoeng waoe.

### Wana kobong.

Dèrèng dangoe poenika wana toetoepan ing Tji Djamboe (Tjililin) wijar 1275 $M^2$ kobong, saking pandamelanipoen tijang awon.

### Samboetanipoen gemeente Malang.

Kanti serat kekantjinganipoen College van Gedeputeerden, gemeenteraad moetoes pados samboetan 1 mlijoen kanggé peken, waterleiding sarta grija-grija, poenapadéné ngedegaken ambachtsschool.

### Indonesische Studieclub

*Ing Pekalongan.*

Ing Pekalongan mentas madeg Indonesische Studieclub ingkang sedyanipoen badé njamboet damel kados Indonesische Studieclub (persatoean Bangsa Indonesia) ing Soerabaja. Ing dados pangarsaning Indonesische Studieclub Pekalongan waoe bangsa koelit petak golongan I.S.D.P. nama mr. W. F. A. Hakker, Koes Hardjana dados secretaris-penningmeester, Mej. Roedjiah, (goeroe partikelir), dr. Natanindita, Armia, komissaris.

### Amotjot poenggawa.

Pawartos saking Médan njarijosaken, bilih ing Sumatra Caoutchouc Plantage Mej. wonten poenggawa bangsa Éropah pitoe (ingkang tiga, administrateur) sami kapotjot.

Kota Pinang Cultuur Mij gadah poenggawa bangsa koelit petak sadasa, ingkang gangsal dipoenpotjot.

### Sampoen anggepok politiek.

*Soeloeh Ra'jat Indonesia* njarijosaken, ing Blitar wonten komité badé ngatoeri pandjenenganipoen dr. R. Soetama lan Katamsi, wonten parepatan oemoem tanggal 30 Nov. 1930, soepados sesorah bab vakbeweging, koperasi, lan ékonomi.

Resident Blitar, boten ngalang-alangi vergadering waoe, waton: 1e tanpa angrembag politiek; 2e ingkang medar sesorah kedah namoeng dr. Soetama lan t. Katamsi.

Prijantoen ingkang badé kaatoeran sesorah boten saged nampi djanggelan poenika, mila parepatan oemoem kasandèkaken.

Lalampahan ing nginggil poenika dipoensoewoenaken pirsa warga Raad Kawoela t. Soerasa dateng Paréntah.

### Gouverneur dados journalist.

Toewan J.E. Jasper tilas Goepernoer Ngajodja sampoen dateng saking negari Walandi, sarta ladjeng dados hoofdredacteur Java-Bode ing Betawi.

### Koersoes Commies.

Ing Bandoeng wonten bikakan koersoes commies, jasanipoen Spaarbond Afd. Bandoeng.

### Pangasilan gemeente Kediri.

Gemeente Kediri salebetipoen November pikantoek pangasilan arta f 121.876. Taksiran pangasilan ing salebetipoen taoen poenika: f 17.025.752. Mangka arta pangasilan salebetipoen sawelas woelan ing taoen poenika klempakipoen saweg f 12.260.274.

### Arta kertas ingkang karisak.

Salebetipoen November artakertas ingkang karisak wonten Algemeene Rekenkamer: arta kertas njaroepijahan damelan Nederland 640.000; damelan Amérika 120.000; lan kertas njaringgitan damelan Nederland 360.000 lembar.

### Pamedal Pos.

Woelan Oktober kapengker poenika, pamedalipoen Pos wonten f 2.981.524. Mangka kala Oktober '29 wonten f 3.135.245.

### Oetek Indonesier.

Sampoen loeloes iksamen dokter kanti seseboetan doktor wonten ing Amsterdam, sadèrèk Sjoeib Paroehoenan asli Pakatan Tapanoeli.

### Éwah-éwahan parésidénan.

*Batav. Nieuwsbld.* martosaken parésidénan Priangan Kilèn badé dipoenitjali. Parésidénan Soekaboemi badé kadadosaken satoenggal kalijan Bogor, sarta Tjiandjoer kadadosaken satoenggal kalijan Bandoeng.

### Pest ing Indonesia.

Tjatjahing tijang kénging sasakit pest salebetipoen 4 Okt. — 1 November wonten 456. Kala taoen kapengker, inggih Okt. — Nov. wonten 294.

### Bégal.

*Ind. Crt.* njarijosaken ing Bandoengan, Madioen, wonten tijang èstri dipoenbégal tijang pitoe, kénging artanipoen f 350, lan dipoenpisakit.

### Prahara.

Ing Poerwakarta mentas wonten djawah deres mawa prahara ageng. Katah wit-witan sami roengkat. Tjagak tilpoen wonten ingkang ambroek. Kasangsaran tijang boten wonten.

## MANTJA NAGARI.

**POLEN lan VATICAAN.** *Oetoesan Polen motjot.*

Pawartos saking Roem njarijosaken, salebetipoen minggoe kapengker Oetoesan Polen wonten Vaticaan sowan odènsi wonten ngarsa dalem I. S. K. S. Rama. Kala odènsi waoe, dipoenparingi pirsa, bilih Roem badé ngintoenaken oetoesan dateng Galezië Wétan, kanggé njatitèkaken leres-lepating pawartos ingkang njarijosaken anggènipoen Polen ambek sija dateng golongan andap (bangsa Djerman. — zie Sw. T'm. kapengker). Sareng pikantoek pawartos makaten, oetoesan Polen kaseboet ing nginggil ladjeng motjot saking anggènipoen dados Oetoesan Polen wonten ing Vaticaan.

**DJEPANG.** *Dajaning malaise.*

Manoet pawartos opisijil, tjatjahipoen tijang nganggoer ± 400.000. Nanging teksiran saking kalangan dédé opisijil mesti langkoeng katah sanget saking semanten.

Ing pelaboehan-pelaboehan oegi katah koeli plaboehan nganggoer ± 5000. Sanadjan politiek Djepang anetepaken boten njamboet-njamboet, éwadéné nembé poenika parlement kapeksa nampi oesoel pados samboetan 34 mlijoen yen kanggé andandosi lan damel margi-margi, dados ngiras amitoeloengi rekaosipoen tetijang ingkang sami nganggoer.

**DJERMAN.** *Manah tijang keloewèn.*

Salebetipoen minggoe kapengker minister Severing nglempakaken kaoem soedagar ageng-ageng ing Berlijn perloe kaadjak ngedegaken banda-pitoeloengan kanggé tetijang nganggoer.

Dipoenpratélakaken bilih samangké poen loewé sampoen masésa Djerman ngantos kelampahan wonten pamboedi nedya andjedjarah toko-toko roti. Sampoen saleresipoen bilih para soedagar soegih samia atetoeloeng dateng tetijang waoe, awit tétéla poelisi inggih boten saged poenapak-poenapakaken tijang loewé.

Banda wiwitan kanggé steunfonds waoe 6000 Mark.

**TIONGKOK.** *Ngadjengaken Indoestri.*

Ing awalipoen woelan kapengker, National Industrial and Commercial Conference ngawontenaken moesawaratan, dipoendatengi tijang 133 lan dipoentoentoen dr. H. H. Kung. Katah voorstel-voorstel ingkang tinampi kanggé ngadjengaken pabrik-pabrikipoen tijang boemi ing Tiongkok pijambak.

Kanggé ngadjengaken pabrik-pabrik Tiongkok, moesawaratan nampi oesoel, soepados Paréntah:

1e. Ambikak pabrik-pabrik rokok, pabrik semèn, mori, wol. 2e. Ngawontenaken pranatan soepados betah tetijang poeroen nganggé barang-barang damelan Tiongkok pijambak. 3e. Ngedegaken peken-peken kanggé njadé barang-barang wedalan pabrik Tionghoa. 4e. Ngawontenaken tentoonstelling barang-barang damelanipoen Tionghoa. 5e. Angèntèngaken oet. angitjali babar pisan paos kanggé barang-barang damelan Tionghoa, sarta anginggahaken paos toemrap barangipoen bangsa mantja. 6e. Ngintoenaken sirkoelèr dateng Bank-bank ing sa-Tiongkok soepados sami ambantoe ngadjengaken dadamelan Tiongkok. 7e. Andawoehi para poenggawa nagari nganggé barang-barang damelan bangsanipoen pijambak. 8. Ngadegaken babadan ingkang mligi kanggé ngadjengaken dadamelan Tionghoa,

Babagan nganggé kapital mantja, anampi oesoel:

1e. Migoenakaken kapital mantja kanggé ngadjengaken industrie Tiongkok. 2. Ngedegaken laboratorium kanggé industrie ngadjengaken dadamelan tjara énggal sarta anjaèkaken systeem ingkang lami. 3e. Ngadjengaken industrie ing propinsi sisih Lèr-Kilèn.

Kadjawi ing nginggil oegi anampi oesoel-oesoel ingkang magepokan prakawis tijang nganggoer: 1e. Ngadegaken kantor-kantor pitoeloengan madosaken pandamelan. 2e. Ngedegaken pabrik-pabrik énggal ngiras kanggé mitoeloengi tetijang nganggoer. 3e. Ngadjengaken kolonisatie lan angolah siti. 4e. Damel tjatetan tjatjahipoen tijang nganggoer lan sawantji-wantji, damel niti priksa kawontenanipoen tijang nganggoer.

Saladjengipoen taksih nampi oesoel:

1e. Goedang-goedang wadah pirantosing perang sarta goedang kanggé njitak arta, ingkang sampoen boten kanggé, soepados kadadosaken pabrik-pabrik pirantos tatanèn. 2e. Ngadjengaken padagangan export ing Monchuria. 3e. Ngawontenaken nationalisatie ing salebeting pabrik-pabrik, sarta pakempalan kabangsan kanggé matitisaken rembag nationalisatie. 4e. Ngitjalaken prabéja warni-warni toemrap barang-barang ingkang kabekta sepoer. 5e. Ngitjali oet. ngirangi paos mlebet kanggé mesin-mesin saking mantja. 6e. Kintoen tilgram dateng pangageng-pangageng militèr soepados mangsoelaken gerbong-gerbong sepoer ingkang sami kaanggé wonten paprangan, soepados lampahing momotan sageda énggal. *(Soeara Publiek).*